



AVÈTISMAN SOU POLITIK LA

Tit Politik: Mete Tibebe Dòmi an Sekirite

Nimewo Politik: FO-26-05

Dat li Pibliye: 9 Septanm, 2026

Dat li An Vigè: 1ye Novanm, 2026

Lyen Politik: [Mete Tibebe Dòmi an Sekirite](#)

YON TI APÈSI

Tibebe ki poko gen 12 mwa gen risk pou yo mouri toudenkou san rezon (SUID) ak Sendwòm Lanmò Tibebe Sanzatann (SIDS). Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) angaje l pou sipòte edikatè yo ak fanmi yo nan efò yo pou redui risk sa a epi kenbe tibebe yo an sekirite nan pwogram edikasyon timoun piti yo. Kidonk, an akò ak rekòmandasyon Akademi Pedyatri Ameriken (Jwen 2022), EEC ap mete an mizajou politik/règleman li a sou kijan pou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite, tout moun k ap pran swen tibebe ki gen mwens pase 12 mwa dwe suiv li.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram gadri ki gen lisans EEC epi ki finanse pa EEC.

MIZAJOU PRENSIPAL

Mizajou enpòtan sa yo te fèt nan politik EEC sou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite:

- **Vlope Timoun:** Ti bebe pa dwe vlope sof si medsen swen sante timoun nan bay yon dokiman alekri ki temwaye nesesite medikal pou vlope yo. Pwogram yo ka bay fanmi yo nouvo Fòm Eksepsyon pou Dòmi an Sekirite Tibebe a, ki dekri anba.
- **Nouvo fòmilè yo:** Yo devlope (2) nouvo modèl fòm.
 - **Fòm Eksepsyon pou Mete Tibebe a Dòmi an Sekirite**, sa ki fèt pou medsen swen sante tibebe a ranpli, te devlope kòm repons a demann pwogram yo

50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109

Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov

mass.gov/EEC

pou gen direktiv ki pi klè ki dekri sa yon lòd pou fè yon tibebe dòmi yon lòt fason kontrèman ak politik EEC a oswa anvelope timoun nan dwe enkli.

- **Fòmilè Renonsyasyon Bijou pou Tibebe**, Fòm sa a, ki fèt pou paran oswa gadyen tibebe a ranpli, li fèt pou pran an konsiderasyon aspè kiltirèl ki gen rapò ak bijou tibebe nan gadri. Fòm nan ankouraje diskisyon ant fanmi an ak pwogram nan sou enkyetid ki gen rapò ak bijou yo, responsablite pèsònèl pwogram nan pou retire bijou yo nan anviwònman dòmi an si yo ta vin lach, ak yon fason toulede dakò pou sere bijou yo ki te retire.
- **Tetin/Sousèt bebe:** Yo te ajoute yon nouvo seksyon nan politik la pou klarifye ke tétine yo akseptab toutotan yo pa gen okenn konpozan oswa atachman anplis. Dokiman FAQ la te mete ajou pou reflete ke si yon tibebe krache/bave nan tétine nan pandan li ap dòmi, tétine nan ka rete nan espas dòmi tibebe a.
- **Egzijans Fòmasyon yo:** Seksyon ki egziste a te mete ajou pou enkli nouvo kondisyon pou konplete chak ane kou EEC Essentials la pou rafrech memwa a w.
- **Konfòmite:** Lè yon pwogram pranyon kontravansyon/sitasyon poutèt li pa kapab bay ofri yon espas ki an sekirite pou yon tibebe dòmi, anplwaye EEC yo ap travay ak pwogram nan pou eseye jwenn yon lòt solisyon ki konfòm pou tibebe sa a. Si, apre yo fin konsilte Sipèvizè a, Manadjè a, oswa Direktè Rejyonal la, yo pa jwenn okenn lòt solisyon, lè sa a pa gen yon espas ki an sekirite pou tibebe a dòmi epi fòk yo voye tibebe a lakay li. Ti bebe a ka retounen nan gadri a lè pwogram nan kapab demontre bay EEC ke li kapab fè ti bebe a dòmi an sekirite, ann akò avèk règleman ak politik EEC yo..
- **Fleksibilite:** Lè yon pwogram resevwa yon twazyèm kontravansyon pou non-konfòmite sou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite, pwogram nan pap *otomatikman* refere bay Inite Legal EEC a ankò pou sanksyon kont lisans lan. Desizyon pou refere yon pwogram pou sanksyon ap depann de diskresyon Direktè Rejyonal la ak/oswa Komisyonè Adjwen Operasyon sou teren an.

RESOUS

- [FAQs \(ß Kesyon yo souvan poze\)](#)
- [Fòmilè Eksepsyon pou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite](#)
- [Fòmilè Renonsyasyon Bijou pou Tibebe](#)
- [Lèt pou Paran sou Dòmi an Sekirite - Premye Sitasyon/kontravansyon pou Rezilta Non-konfòmite](#)
- [Lèt pou Paran sou Dòmi an Sekirite - Dezyèm Kontravansyon/Sitasyon sou Rezilta Non-konfòmite](#)
- [Angajman pou Dòmi an Sekirite](#)

50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109

Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov

mass.gov/EEC

- [Dòmì an Sekirite Yon-Sèl paj](#)

EKSPIRE

Règleman sa a ranplase ansyen politik EEC la sou Kijan pou Tibebe Dòmì an Sekirite, sa ki te pibliye 1ye Oktòb, 2023.